



©AttendanceWorks

Ede pitit ou jwen siksè nan lekòl matenèl: ak kindegaden **Bati bònн abitid prezans**

ÈSKE OU KONEN...

Parèt chak jou a lè enpòtan pou siksè timoun lan ak apran de lekòl matenèl ale an avan.

Manke 10% jou lekòl (youn oswa de jou chak kelke semen) ka fè li plis difisil pou:

- Jwen bonjan konesans lekti ak matematik bonè
- Bati relasyon ak zanmi
- Devlope bònн abitid prezans

Bonjan kalite lekòl matenèl ak kindegaden gen anpil benefis!

- Woutin ke pitit ou devlope pral kontinye pandan tout ane lekòl li
- Pwofite le plis ke posib nan klas bonè yo pa ankouraje pitit ou an pou li patisiipe chak jou.

KISA OU KA FÈ

Travay ak pitit ou ak pwofesè li pou devlope bònн prezans pitit ou.

Pale de sa – chante I – fè I tounen yon avanti!

- Mete yon lè pou timoun lan al domi ak leve le matin.
- Tou prepare rad li ak pare sak lekòl lan lavèy.
- Pataje lide ak lòt paran yo pou soti nan pòt lan a lè.

Avan ane skolè lan komanse

- Chèche konen sou ki jou lekòl ap komanse epi komanse konte jou yo!
- Asire w ke pitit ou gen vaksin nesesè yo.
- Patisiipe nan oriyanasyon ak pitit ou pou rankontre ak pwofesè yo ak kamarad lekòl yo epi vin konen ki pwosedi sante ak sekirite ki genyen sou plas.

A vos mark, pre, ALE!

- Mande fanmi oswa vvazin pou ede w si ou ta bezwen èd pou menen oswa al chèche pitit ou an.
- Eseye mete randevou medikal ak vakans long pandan ke timoun lan pa nan sesyon lekòl matenèl lan [vakans].
- Si pitit ou parèt ke li gen enkyetid pou li al lekòl matenèl, pale ak direktye pwogram lan, pwofesè, doktè w oswa lòt paran pou konsèy. Asire w ke pwogram lan bon pou pitit ou an.

